

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ANVIWONMAN VIVAN

Jedi 19 jen 2003 — 1:15 pou 4:15 p.m., sèlman

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl la ak lèt enprimri sou liy ki anwo yo. Apre sa, ale nan dènye paj liv sa a, ki se fèy repons pou pati A a. Pliye dènye paj la sou liy ki an pwentiye a epi detache fèy repons lan tou dousman, ak anpil prekosyon. Apre sa, bay enfòmasyon yo mande yo nan antèt fèy repons ou an.

Egzamen an genyen twa pati. Ou dwe reponn **tout** kesyon yo. Ekri repons kesyon chwa miltip ki nan Pati A a nan fèy repons ou te detache a. Ekri repons kesyon ki nan Pati B ak nan Pati C nan liv egzamen an. Ou dwe sèvi ak plim pou ou ekri repons yo. Ou dwe sèvi ak kreyon pou ou trase graf oubyen pou ou fè desen. Ou gen dwa sèvi ak papye bouyon pou ou chèche repons kesyon yo, men ou dwe sonje ekri tout repons ou yo nan fèy repons nan oswa nan liv egzamen an.

Lè ou fin pran egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki nan fèy repons pou pati A a. Deklarasyon ou siyen an vle di ou pa t genyen kesyon yo ak repons yo alavans, ou pa t bay poul, ou pa t pran poul nan egzamen an. Yo pap pran fèy repons lan nan men w si ou pa siyen deklarasyon sa a.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Pati A

Reponn tout kesyon yo. [35]

Esplikasyon (1-35): Pou chak kesyon w ap reponn, chwazi mo oswa espresyon ki pi bon an pou ou konplete deklarasyon yo fè a oubyen pou ou reponn kesyon yo poze a. Ekri nimewo repons ou chwazi yo sou fèy repons ou te detache a.


1 Yon elèv fè yon obsèvasyon. Li wè yon òganis ki vèt. Dapre obsèvasyon li an, ki konklizyon valid li kapab fè?

- (1) òganis sa a se yon plant
- (2) òganis sa a pa kapab yon òganis iniselilè
- (3) òganis sa a se yon bêt
- (4) yo pa bay ase enfòmasyon pou li kapab detèmine si òganis lan se yon plant oubyen yon bêt

2 Pou ki sa ipotèz gen valè pou syantis?

- (1) Yon ipotèz pa mande pou ou fè plis envestigasyon
- (2) Yon ipotèz kapab lakoz plis envestigasyon menm lè espryans lan pa pwouve li
- (3) Yon ipotèz pa mande plis envestigasyon si espryans lan pwouve li
- (4) Ou kapab itilize yon ipotèz pou ou esplike yon konklizyon menm lè ou oblige rejte ipotèz la apre ou fin fè yon espryans.

3 Kilès nan lèt sa yo ki montre yon estrikti selilè ki kontwole mouvman antre soti molekil nan selil?



- (1) A
(2) B


- (3) C
(4) D

4 Koulye a, nou kapab analize konpozisyon jenetik selil moun pou nou jwenn anpil enfòmasyon sou jan eta sante moun sa yo ap ye nan lavni. Genyen moun ki sispek yo kapab itilize enfòmasyon sa a pou yo pa bay moun asirans sante oubyen travay. Dout sa yo montre

- (1) esplikasyon syantifik depann sou prèv yo ranmanse nan yon sèl sous
- (2) rèchèch syantifik mande pou moun ranmase enfòmasyon nan anpil sous.
- (3) twòp konesans nan jenetik imen kapab lakoz moun pa enterese fè rechèch nan domèn sa a nan lavni.
- (4) lasyans bay konesans, se vre, men estanda moral esansyèl lan deside kouman n ap sèvi ak enfòmasyon sa a

5 Nan dyagram ki anba a, yo montre aktivite metabolik yon moun.

Aktivite metabolik A



Ki ranje ki pi byen reprezante lèt A ak B nan tablo a?

Ranje	Aktivite metabolik A	B
(1)	respirasyon	molekil oksijèn
(2)	repwodiksyon	molekil òmon
(3)	eskresyon	molekil sik senp
(4)	dijesyon	molekil asid amine

6 Lè yon moun fè gwo egzèsis, dyamèt ti vesò sangen (kapilè) ki pre sifas po a ogmante Chanjman an pèmèt kò a refwadi. Deklarasyon sa yo se yon egzanp

- | | |
|----------------|----------------|
| (1) sentèz | (3) eskresyon |
| (2) omeyostazi | (4) lokomosyon |

7 Ki tèm ekolojik nou kapab itilize pou dekri tout sa ki nan desen ki anba a?



- | | |
|----------------|----------------|
| (1) eskosistèm | (3) popilasyon |
| (2) kominote | (4) espès |

8 Kilès nan sekans ki anba a ki reprezante lòd nòmal nivo òganizasyon ki genyen nan òganis konpléks?

- (1) selil → òganèl → ògàn → sistèm ògàn → tisi
 - (2) tisi → ògàn → sistèm ògàn → òganèl → selil
 - (3) òganèl → selil → tisi → ògàn → sistèm ògàn
 - (4) ògàn → sistèm ògàn → selil → tisi → òganèl

9 Rèchèch syantifik montre lè yo separe de jimo idantik depi yo fèk fêt epi yo elve yo nan de kay diferan jimo yo gendwa pa gen menm wotè, menm pwa ak menm entelijans. Kilès nan deklarasyon ki anba a nou kapab itilize pou nou eslike diferans sa yo.

- (1) kantite jèn orijinal chak jimo genyen ogmanté ofiramezi y ap devlope
 - (2) yon jimo resevwa jèn nan men manman li sèlman, lòt jimo a resevwa jèn nan men papa li sèlman
 - (3) anviwonman kote chak jimo te leve a te diferan ase pou li afekte jan jèn yo manifeste yo
 - (4) anviwònman kote chak jimo te leve a te diferan ase pou li chanje konpozisyon jenetik toulede jimo yo.

10 Lè ADN separe an de, se pwobableman paske l ap patisipe dirèkteman nan

- (1) repwodiksyon (3) diferansyasyon
(2) fertilization (4) evolisyón

11 Kòd enstriksyon pou trè yon òganis dwe devlope nan aranjman

- (1) initiate glikoz nan molekul idrat kabon
 - (2) baz nan ADN nan nwayo a
 - (3) molekul grès nan manbran selilè a
 - (4) lyezon ki rich ann enèji nan molekul lanmidon


12 Kilès nan deklarasyon ki anba a ki se yon deklarasyon ki vre sou alterasyon oubyen chanjman nan ADN?

- (1) yo toujou rele li mitasyon
 - (2) li toujou yon avantaj pou yon endividé
 - (3) paran toujou pase li bay pitit
 - (4) yo toujou kapab detekte li ak pwosesis ki rele kwomatografi a

13 Bèt etewotwòf yo pran enèji pou pwoesis vital
yo nan enèji chimik ki nan lyezon

- (1) molekil dlo
 - (2) molekil oksijèn
 - (3) konpoze òganik
 - (4) konpoze inòganik


14 Nan dyagram ki anba a, yo reprezante trajekta chimik yon pwosesis nan selil fwa moun



Genyen yon selil fwa ki pa kapab fè sibstans *C*. Kilès nan esplikasyon ki anba a ki kapab lakoz selil sa a pa kapab fè sibstans *C*?

- (1) twòp enèji nan etap 2 anpeche sibstans *B* tounen sibstans *C*
- (2) te gen twòp anzm *X*, sa lakoz yon rediksyon nan pwodiksyon sibstans *B*
- (3) ADN nikleyè te modifie e sa lakoz selil la pa te kapab fè anzm *Y*
- (4) te gen yon mitasyon, e sa te lakoz yon chanjman nan kapasite selil la pou li itilize sisbtans *C*


15 Nan dyagram ki anba a, yo montre yon pwosesis ki ka fèt pandan meyoz.



Pwosesis sa a ap pwobableman lakoz

- (1) yon nouvo kombinezon trè òganis kapab eritye parèt nan pitit yo
- (2) enkapasite pou òganis lan pase nenpòt nan kwomozòm sa yo bay pitit yo
- (3) yon pèt enfòmasyon jenetik k ap lakoz pwoblèm jenetik kay pitit yo
- (4) yon ogamantasyon nan nonm kwomozomik òganis kote pwosesis la fèt

16 Nan dyagram ki anba a, yo reprezante estrikti nan yon fi.




Yon gwo dòz radyasyon ap genyen plis enpak sou enfòmasyon jenetik jenerasyon pitit ki vin apre yo si li rive nan gamèt k ap devlope nan estrikti

- | | |
|--------------|--------------|
| (1) <i>A</i> | (3) <i>C</i> |
| (2) <i>B</i> | (4) <i>D</i> |

17 Organis X parèt sou Latè pi bonè pase òganis y. Anpil syantis kwè òganis X te parèt sa gen ant 3 ak 4 milya ane, epi òganis Y te parèt sa genyen 1 milya ane aepre. Kilès nan kolòn nan tablo ki anba a ki se deskriptsyon òganis X ak Y?

Ranje	Òganis X	Òganis Y
(1)	miltiselilè senp	iniselilè
(2)	miltiselilè konplèks	miltiselilè senp
(3)	iniselilè	miltiselilè senp
(4)	miltiselilè konplèks	iniselilè

18 Sekans dyagram ki anba a reprezante kèk etap nou pwosesis repwodiksyon an.



Ki adaptasyon ki nesesè pou reglemantasyon etap sa yo nan repwodiksyon moun?

- (1) dwe genyen jèn ak pwodui chimik nan chak selil kòmanse nan etap 1 rive nan etap 7
- (2) yon ogmantasyon nan kantite jèn ki genyen nan chak selil nan etap 3 jiska 5
- (3) retire tout anzim nan selil yo nan etap 7
- (4) eliminasyon mitasyon nan selil ki vin apre etap 5 lan

19 Sèten bakteri, ki se rezulta manipilasyon jenetik, pwodui ensilin imèn. Kilès nan repons sa yo ki se pi bon deskripsiyon pou kalite ensilin sa a?

- (1) Ensilin sa a pap fonksyonne nòmalman nan kò moun paske se bakteri ki pwodui l.
- (2) Ensilin sa a se rezulta ensilin imèn yo mete nan selil bakteri.
- (3) Ensilin sa a se rezulta selil bakteri ki pran radyasyon e sa lakòz mitasyon.
- (4) Ensilin sa a kapab genyen mwens efè pase ensilin yo pran nan pankreyas lòt bét.


20 Ki popilasyon òganis ki plis andanje pou yo disparèt?

- (1) Yon popilasyon òganis kote pa gen anpil varyasyon e òganis yo ap viv nan yon anviwonman ki estab.
- (2) Yon popilasyon òganis kote pa gen anpil varyasyon e òganis yo ap viv nan yon anviwonman ki pa estab.
- (3) Yon popilasyon òganis kote gen anpil varyasyon e òganis yo ap viv nan yon anviwonman ki estab.
- (4) Yon popilasyon òganis kote gen anpil varyasyon e òganis sa yo ap viv nan yon anviwonman ki pa estab.

21 Developman nòmal anbryon bét depann de

- (1) anpil spèmatozoid ki pou fètilize yon ze ki rive a matirite
- (2) pwodiksyon nouvo selil ki genyen de fwa kantite kwomozòm ki nan zigòt la
- (3) pwodiksyon selil somatik ki genyen mwatye kantite kwomozòm ki nan zigòt la
- (4) mitoz ak diferansiyasyon selil apre fètilizasyon fin fèt

22 Yo montre rapò parante sèten mamifè nan dyagram ki anba a



Kilès nan deklarasyon sa yo ki vre parapò ak elefan afriken an?

- (1) Li gen rapò parante ki pi pwòch mamout la pase lamanten afrik de lwès la.
- (2) Li gen rapò parante ki pi pwòch lamanten karayibeyen an pase mastodont lan.
- (3) Li pa gen rapò parante ak lamanten brezilyen an oubyen ak mamout la.
- (4) Li se zansèt bèf lanmè a.


23 Ki pwosesis ki rive nòmalman nan plasenta a?

- (1) Oksijèn fè difizyon, soti nan san fetis la pou li ale nan san manman an.
- (2) Genyen echanj materyèl ant san fetal ak san manman an.
- (3) San manman an vin tounen san fetis la.
- (4) Anzim dijestif soti nan san manman an pou yo ale nan san fetis la.

24 Yo kapab izole selil endividiyèl yo pran nan yon plant ki rive a matirite epi yo kapab fè selil yo grandi nan yon melanj espesyal ki genyen òmon kwasans ladan pou yo fè yo pwodui plant ki gen menm konpozisyon jenétik. Yo rele pwosesis sa a

- (1) klonaj
- (2) divizyon meyotik
- (3) teknoloji ADN rekombine
- (4) elvaj selektif

25 Yo montre yon òganis inselilè nan dyagram ki anba a. Yo itilize yon flèch pou yo montre yon aktivite òganis lan ap fè.



Si aktivite sa a mande enèji pou li fèt, kilès nan sibstans sa yo ki gendwa sous enèji a?

- | | |
|---------|----------------|
| (1) ADN | (3) yon òmon |
| (2) ATP | (4) yon antikò |

26 Kilès nan aktivite sa yo ki tap aktive sistèm iminitè yon moun pou li pwoteje moun nan kont envazyon yon mikwòb?

- (1) enjeksyon antibiotik apre yon operasyon
- (2) yon moun chwazi yon rejim alimantè byen balanse, epi li suiv li pandan tout vi li
- (3) yon moun pran yon vaksen kont varisèl
- (4) yon tibebe pran òmon nan lèt manman l lè l ap bwè tête

27 Li enpòtan pou genyen divès kalite espès nan yon ekosistèm pou sèten òganis kapab siviv lè


- (1) ekosistèm lan rete estab pandan yon bon peryòd tan
- (2) gen gwo chanjman ki fèt nan ekosistèm lan
- (3) seleksyon natirèl pa rive fèt
- (4) resous limite ki gen sou Latè ogmante

28 Lè nivo sik nan san yon moun monte wo, reyakson ki fèt tousuit se yon ogmantasyon nan

- (1) aktivite miskilè nan bra moun lan
- (2) sikilasyon san nan sistèm dijestif la
- (3) aktivite tout òganèl ki nan selil yo
- (4) sekresyon ensilin

29 Ki tèm ekolojik ki dekri lous blan ki nan desen ki anba a pi byen?

Lanson



"M ap soulve, w ap kenbe... Èske konsèp sa a te yon ti jan twò konplike pou ou Kal?"

- | | |
|-------------|--------------|
| (1) èbivò | (3) kanivò |
| (2) parazit | (4) pwodiktè |

30 Yon eripsyon volkanik lakòz fòmasyon yon nouvo il. Alalong, kominote byotik ap peple il sa a akòz

- (1) yon rediksyon nan kantite materyèl òganik ki genyen
- (2) yon rediksyon nan kantite gaz karbonik nan zòn lan
- (3) yon mank nan faktè abyotik nan zòn lan
- (4) pwosesis siksesyon ekolojik la

Pati B


Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Esplikasyon (36-62): Lè w ap reponn kesyon kote yo bay kat (4) chwa diferan, trase yon ti sèk otou nimewo ki konplete deklarasyon an pi byen oswa ki reponn kesyon an pi byen. Lè w ap reponn nenpòt lòt kesyon ki nan pati sa a, suiv esplikasyon yo bay nan kesyon an, epi ekri repons ou yo nan espas yo bay yo.

36 Nan kat ki anba a, yo montre mouvman polisyon lè nan yon pati nan Etazini.

**Pou pwofesè
sèlman**

Mouvman polisyon lè




Kilès nan deklarasyon ki anba yo ki se yon enferans ki korèk dapre enfòmasyon ki nan kat la?

- (1) Illinois pwodui plis polisyon lè pase lòt eta yo montre nan kat la.
- (2) Polisyon lè nan lòt rejon ogmante pwoblèm polisyon lè nan Baltimore.
- (3) Pa gen pwoblèm polisyon lè nan eta nan sid yo.
- (4) Pwoblèm polisyon lè nan Virginia disparèt rapid pandan lè a ap deplase nan direksyon lanmè a.

Sèvi ak graf ki anba a ansanm ak konesans ou genyen nan byoloji pou ou reponn kesyon 37 ak 38. Nan graf ki anba a, yon montre yon sèl espès bakteri yo elve nan diferan nivo pH.

Pou pwofesè
sèlman



37 Rezon ki fè pa genyen koloni nan kilti espès sa a nan pH 4 ak pH 10 se paske

- (1) bakteri sa yo kapab fè konpetisyon ak lòt espès bakteri lè pH la nan nivo yo mansyone yo
- (2) genyen plis predatè k ap manje bakteri sa yo lè pH la nan nivo 4 ak 10 pase lè li nan lòt nivo
- (3) lè nou genyen pH 4 ak pH 10, anviwonman an twò asid oubyen li twò bazik pou bakteri yo kapab devlope
- (4) fètilizasyon pa kapab fèt nan bakteri yo nan nivo pH 4 oubyen pH 10

37



38 Kilès nan deklarasyon sa yo done ki nan graf la kore?

- (1) Tout espès bakteri kapab devlope byen nan nivo pH 7.
- (2) Tip bakteri sa a kapab devlope byen nan nivo pH 7.5.
- (3) Tip bakteri sa a kapab devlope byen nan nivo pH 2.
- (4) Lòt tip bakteri kapab devlope byen nan nivo pH 4.

38



39 Yo tap fè yon esperyans. Yo transfere ADN ki soti nan bakteri patolojik ki mouri nan bakteri vivan ki pa bay maladi. Yo bay sourit ki an sante yon enjeksyon ak bakteri modifye sa yo. Maladi patojèn oriijinal yo te lakòz la touye sourit sa yo. Dapre enfòmasyon sa a, kilès nan deklarasyon ki anba yo ki se yon konklizyon ki valid?

- (1) Genyen ADN nan òganis vivan sèlman.
- (2) ADN travay sèlman nan òganis oriijinal kote li te ye a.
- (3) ADN chanje òganis ki resevwa enjeksyon an, li fè li tounen òganis oriijinal la.
- (4) ADN yon òganis ki mouri kapab vin aktif ankò nan yon lòt òganis.

39

40 "Dodder" se yon kalite viy ki gen yon relasyon parazit ak lòt plant. Ki karakteristik "Dodder" genyen ki se menm ak karakteristik tout lòt òganis etewotwòf

- (1) Li pwodui manje nan pwosesis fotosentèz.
- (2) Li dwe grandi nan kote ki klere.
- (3) Li manje molekil òganik ki tou fèt.
- (4) Li rete yon sèl kote tout lavi li.

40

41 Nan yon forè, gen yon chanpiyon ak yon limas k ap viv nan yon chouk pyebwa pouri. Chanpiyon an dijere materyèl li pran nan pyebwa a epi li absòbe yo. Limas la li menm manje alg k ap grandi pa deyò chouk bwa a. Òganis sa yo pa fè konpetisyon youn ak lòt paske yo rete nan

- (1) menm abita, men nan nich ki diferan
- (2) menm nich, men nan abita ki diferan
- (3) menm nich ak menm abita
- (4) abita ki diferan ak nich ki diferan

41


42 Rechèch sou selil grès ak selil tiwoyid montre selil grès genyen mwens mitokondri pase selil tiwoyid. Enferans yon byologis te pi vit kapab fè sèke tisi grès

- (1) pa mande anpil enèji
- (2) mande menm kantite enèji ak tisi tiwoyid
- (3) mande mwens enèji pase tisi tiwoyid
- (4) mande plis enèji pase tisi tiwoyid

42

Sèvi ak dyagram ki anba a ansanm ak konesans ou ou genyen nan byoloji pou ou reponn kesyon 43 ak 44. Yo sèvi ak lèt *A* jiska *J* pou yo reprezante diferan espès òganis. Distans vètikal ant liy pwentiye yo reprezante peryòd tan ki long. Gen gwo chanjman ki fèt nan anviwonman an pandan tan sa yo.

**Pou pwofesè
sèlman**



43 Kilès nan espès sa yo ki te disparèt an premye?

- (1) *E*
- (2) *J*
- (3) *C*
- (4) *D*

43


44 Ki espès ki sanble li te gen plis siksè nan rive siviv malgre chanjman ki te fèt nan anviwonman an?

- (1) *A*
- (2) *B*
- (3) *C*
- (4) *H*

44

45 Nan graf ki anba a, yo montre ki jan de popilasyon paramesi grandi nan menm bwat Petri a pandan 14 jou

Pou pwofesè
sèlman



Ki konsèp ekolojik graf la reprezante pi byen?

- (1) resiklaj
- (2) ekilib
- (3) konpetisyon
- (4) dekonpozisyon

45


46 Anba a, yo montre de kalite selil differan ki soti nan yon òganis.




Esplike kouman de kalite selil sa yo kapab genyen fonksyon differan nan òganis lan malgre yo toulede genyen menm enstriksyon jenetik. [1]

46

Esplikasyon (47-49) : Dyagram ki anba yo reprezante ògan de moun diferan. Gen yon lis deklarasyon apre dyagram yo. Pou chak bout fraz ki nan kesyon 47 jiska 49, chwazi deklarasyon ki mache pi byen ak bout fraz la. Apre sa, ekri *nimewo* a nan espas yo bay la.



Endivid A



Endivid B

Deklarasyon

1. Bout fraz la korèk ni pou Endivid A ni pou Endivid B.
2. Bout fraz la pa kòrek ni pou Endivid A ni pou Endivid B.
3. Bout fraz la kòrèk pou Endivid A sèlman.
4. Bout fraz la kòrèk pou Endivid B sèlman.

47 Genyen ògàn ki pwodui gamèt yo [1]

47

48 Genyen ògàn ki jwe yon wòl nan fètilizasyon entèn [1]

48

49 Genyen yon estrikti kote mitoz lakoz divizyon zigòt [1]

49

Sèvi ak enfòmasyon ki anba a ansanm ak konesans ou nan byoloji pou ou reponn kesyon 50 ak 51.

Pou pwofesè sèlman

Yo konsidere anfibyen kòm yon endikatè eta sante lavi sou Latè. Syantis yo enkyete paske popilasyon anfibyen an ap diminye nan lemonn depi ane 1980 yo. An reyalite, genyen ven espès anfibyen ki disparèt nan deseni ki sot pase a e genyen plizyè lòt espès ki an danje pou yo disparèt.

Syantis yo asosye rediksyon popilasyon anfibyen yo ak chanjman klimatik mondyal. Tanperati a monte pandan twa deseni ki sot pase yo e sa lakòz destrik syon anpil nan ze krapo k ap viv nan zòn oksidental yo. Ogmantasyon tanperati a lakòz gen mwens lapli ak nèj ki tonbe nan Chenn Mòn Kaskad nan Oregon. Sa diminye nivo dlo nan lak ak nan etan kote krapo yo konn ale pou yo repwodui. Kon sa, gen plis limyè ultravyolèt ki frape ze yo. Sa rann li pi fasil pou ze yo vin an kontak ak mwazi ki touye anbriyon yo pa plizyè santèn de mil.

50 Tèm yo itilize pou yo idantifye chanjman klimatik mondyal yo mansyone nan tèks la se

- (1) rechofman planèt la
- (2) deforestasyon
- (3) rediksyon mineral
- (4) endistriyalizasyon

50

51 Bay *de* jan rediksyon popilasyon anfibyen yo kapab deranje estabilite ekosistèm kote y ap viv la. [2]


1. _____

2. _____

51

- 52 Dyagram ki anba a reprezante repwodiksyon òganis A, ki se yon òganis iniselilè. Nonm kwomozomik nòmal òganis lan se 8.

Pou pwofesè
sèlman



Nan sèk ki reprezante pitit 1 ak pitit 2, ekri nonm kwomozomik ki se rezulta repwodiksyon aseksyé nòmal òganis A. [1]

52

Sèvi ak dyagram san moun ki anba a pou ou reponn kesyon 53 ak 54. Nan dyagram lan yo montre estrikti ki ede moun rete ann omeyostazi.



- 53 Identife selil yo identife ak lèt X la. [1]


53

- 54 Bay yon fason yon selil tankou selil X kapab rete ann omeyostazi. [1]

54

Sèvi ak dyagram ki anba a pou ou reponn késyon 55 ak 56. Dyagram lan reprezante yon òganis iniselilè ki nan yon anviwonman akwatik. ▲ yo reprezante molekil yon sibstans espesifik

Pou pwofesè
sèlman



55 Flèch A reprezante transpò aktif. Bay de jan transpò aktif differan parapò ak difizyon. [2]

55


56 Nan selil òganis miltiselilè, estrikti B genyen molekil ki jwe yon wòl nan komunikasyon selilè. Ki tèm espesifik yo itilize pou idantifye molekil sa yo. [1]

56


57 Dyagram A ki anba a se reprezentasyon mikwoskopik sifas enferyè yon fèy. Dyagram B reprezante yon pati nan kò moun.

Pou pwofesè
sèlman

Dyagram A



Dyagram B



a Chwazi yon dyagram epi make lèt ki mache ak dyagram la nan espas ki anba a.

Dyagram: _____

b Identifie estrikti yo ak lèt x nan dyagram ou chwazi a. [1]

c Bay yon pwoblèm òganis lan ap genyen si estrikti ou chwazi a pa fonksyone byen. [1]

57



Nan yon espèryans, yo sèvi ak plant ki nan menm espès la e ki menm wotè.
Chak jou, yo bay plant yo yon kantite èdtan limyè ki konstan. Kantite èdtan limyè
yo te bay plant yo pa jou te diferan pou chak plant men tout lòt faktè ki gen rapò ak
anviwonman an te menm. Nan fen espèryans lan, yo mezire wotè final chak plant.
Men done yo te ranmase yo.

8 èdtan, 25cm; 4 èdtan, 12cm; 2 èdtan, 5cm; 14 èdtan, 35cm;
12 èdtan, 35cm; 10 èdtan, 34 cm; 6 èdtan, 18 cm

- 58 Ranpli toulede kolòn yo nan tablo done ki anba a. Òganize done yo yon jan pou kantite
limyè yo bay plant yo chak jou ogmante lè w ap soti anwo pou ale anba nan tablo a. [1]

Tablo done

Kantite limyè yo bay plant yo chak jou (èdtan)	Wotè final (cm)

- 59 Bay *yon* rezon ki fè plant ki resevwa 2 èdtan limyè pa jou yo te pi kout pasè lòt plant
yo. [1]


58

59

Esplikasyon (60-61): Sèvi ak enfòmasyon yo bay la pou ou fè yon graf lineyè nan espas kadriye a. Suiv esplikasyon yo bay anba a.

Pou pwofesè sèlman

Efè limyè sou kwasans plant



Wotè final (cm)

Kantite limyè yo bay plant yo chak jou
(èdtan)

- 60 Chwazi yon echèl ki apwopriye pou chak aks yo epi ekri chif yo sou aks yo. [1]

60

- 61 Sèvi ak pwen pou ou make wotè final plant yo nan espas kadriye a. Antoure chak pwen ak yon ti sèk epi konekte pwen yo. [1]

61

Egzanp:

- 62 Si yo te sèvi ak plant ki nan yon lòt espès pou yo fè esperyans lan e si yo te bay plant sa a 16 èdtan limyè pa jou, ki wotè final plant sa a te kapab ye? Bay yon esplikasyon pou ou kore repons ou an. [1]

62

Pati C

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Esplikasyon (63-72): Ekri repons yo nan espas yo bay nan liv egzamen an. [20]

Atik ki anba a, se yon atik yo te ekri pou yo reponn moun ki te ekri yon atik ki te rele “Yo dwe kite predatè yo fin disparèt”. Sèvi ak atik la pou ou reponn kesyon 63 jiska 65

**Pou pwofesè
sèlman**

Predatè kontribye nan estatabilite ekosistèm lan

Nan lanati, enèji sikile nan yon direksyon sèlman. Dwe genyen transfè enèji nan yon ekosistèm paske tout sa ki gen lavi bezwen enèji pou yo viv, e se sèlman sèten òganis ki kapab chanje enèji solè pou fè li tounen enèji chimik.

Konsomatè manje pwodiktè, epi lòt konsomatè manje konsomatè sa yo. Ekosistèm ki estab dwe genyen predatè ki pou ede kontwole popilasyon konsomatè yo.

Kòm ekosistèm genyen anpil predatè, pou nou elimine yo fòk ta gen yon gwo jefò pou touye tout espès predatè soti sou bènach rive sou balèn ble. Si pa gen predatè pou kontwole popilasyon an, kek òganis tap peple twòp.

- 63 Desine yon piramid nan espas ki anba a pou ou montre enfòmasyon ki nan dezyèm paragraf la. Mete *twa* òganis diferan nan piramid enèji an. [1]

63

64 Esplike fraz “se sèlman sèten òganis ki kapab chanje enèji solè pou fè li tounen enèji chimik” yo souliye nan yon pati nan premye paragrapf la. Nan repons ou an, ou dwe idantifye:

- kalite nitrisyon òganis sa yo fè [1]
- pwosesis ki fèt nan kalite nitrisyon sa a [1]
- òganèl ki nan selil òganis sa a ki patisipe dirèkteman nan chanje enèji solè pou fè li tounen enèji chimik [1]

64



65 Esplike pou ki sa pandan yon peryòd tan ki long yon ekosistèm ki gen plizyè espès predatè kapab pi estab pase yon ekosistèm ki gen yon sèl espès predatè. [1]

65



Sèvi ak enfòmasyon yo bay nan tablo done ki anba a ansanm ak konesans ou nan byoloji pou ou reponn kesyon 66 ak 67.

Pou pwofesè sèlman

Triyit ak pèch se pwason dlo dous. Nòmalman, pou yo rive siviv nan yon dlo se pou dlo a genyen yon konsantrasyon oksijèn disoud (O_2) ki pou omwen 8 pati pa milyon (ppm ann angle). Lòt pwason dlo dous tankou kap kapab viv nan dlo ki genyen yon nivo O_2 ki 5 ppm. Okenn pwason dlo dous pa kapab siviv lè nivo O_2 nan dlo a se 2 ppm oubyen mwens.

Yo bati faktori oubyen izin elektrik bò rivyè pou yo kapab itilize dlo a pou yo refwadi ekipman yo. Yo lage dlo a nan menm rivyè a ankò (pafwa tanperati dlo a konn gen jiska 8°C amplis).

Nan jounen jodi a, Rocky River genyen yon tanperati mwayèn ki apeprè 25°C pandan ete. Genyen triyit, pèch, ak kap k ap viv nan rivyè a. Yo fèk fè pwopozisyon pou yo ta bati yon nouvo izin elektrik bò Rocky River. Genyen anpil moun ki panse sa kapab genyen yon konsekans negatif sou ekosistèm rivyè a.

Nan tablo ki anba a, yo montre kantite oksijèn k ap disoud nan dlo dous pou diferan tanperati. Yo bay kantite oksijèn yo an pati pa milyon (ppm).

Tablo done

Tanperati ($^{\circ}\text{C}$)	Kantite oksijèn ki nan dlo dous (ppm)
1	14.24
10	11.29
15	10.10
20	9.11
25	8.27
30	7.56

- 66 Bay *yon* kosekans chanjman tanperati a genyen sou kantite oksijèn ki nan dlo dous la. Itilize enfòmasyon espesifik nan tablo done a pou ou kore repons ou an. [2]
-
-
-
-
-
-
-
-

67 Esplike kouman yon nouvo izin elektrik bò kote Rocky River kapab genyen yon konsekans negatif sou ekosistèm ki ann aval (pi ba) parapò ak izin lan. Ou dwe mete nan esplikasyon w lan efè izin elektrik lan sou:

Pou pwofesè sèlman

- tanperati dlo [1]
 - oksijèn disoud [1]
 - espès pwason [1]

67

68 Chanjman nan kondisyon anndan òganis yo afekte molekil anzim.

Esplike kouman tanperati somatik ki wo anpil pandan yon maladi kapab lakoz lamò si sitiyasyon sa a dire yon pakèt tan. Esplikasyon ou an dwe genyen:

- wòl anzim nan kò moun [1]
 - konsekans tanperati somatik si wo sou aktivite anzim [1]
 - rezon ki fè tanperati somatik ki wo kapab lakoz lanmò [1]

68

Sèvi ak deklarasyon ki anba a ansanm ak konesans ou nan byoloji pou ou reponn kesyon 69 jiska 71.

Pou pwofesè sèlman

“Jodi a mwen plante yon nouvo bagay nan jaden legim mwen an – mwen vle di yon bagay tou nèf. Se yon pòmdetè yo rele New Leaf Superior. Se yon pòmdetè yo fèjenetikman – pou li kapab pwodui pwòp ensektisid li – Se Monsanto, yon gwo konpayi nan pwodui chimik ki fèk tounen yon gwo konpayi nan “Syans Lavi” ki fè li. Li kapab fè pwòp ensektisid li nan tout selil nan chak fèy, tij, flè, rasin, ak (se la ki gen pwoblèm lan) nan chak pòmdetè”.

Sous: *New York Times Sunday Magazine*,
Michael Pollan, 10/25/98

- 69 Bay *de* rezon ki fè moun k ap fè jaden kapab chwazi pou li plante nouvo plant sa a. [2]

69

- 70 Bay *yon dezavantaj* ki kapab genyen lè se pòmdetè ki fè sentèz yon ensektisid. [1]

70

- 71 Esplike pou ki sa chak selil nan pòmdetè New Leaf Superior a kapab fè pwòp ensektisid pa li. [1]

71

Pwoblèm ekolojik

Lapli asid

Ogmantasyon nan kantite azòt ak fosfò ki nan yon lak
Pèd nan biyodivèsite a

Chwazi yon pwoblèm ekolojik. Dekri pwoblèm nan epi bay *yon* fason yo kapab redui li.
Nan repons ou an, ou dwe:

- di ki pwoblèm ekolojik ou chwazi
- di kouman moun lakovz pwoblèm lan [1]
- dekri *yon* konsekans espesifik pwoblèm ou chwazi an ap genyen sou ekosistèm lan [1]
- bay *yon* bagay espesifik moun ta kapab fè pou yo redui pwoblèm ou chwazi a [1]



The University of the State of New York
 REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ANVIWONMAN VIVAN

Jedi, 19 jen, 2003 — 1:15 to 4:15 p.m., sèlman

FÈY REPOSNS

Elèv Sèks: Fi Gason
 Pwofesè
 Lekòl Ane

Part	Maximum Score	Student's Score
A	35	
B	30	
C	20	
Total Raw Score (maximum Raw Score: 85)		<input type="text"/>
Final Score (from conversion chart)		<input type="text"/>
Raters' Initials		
Rater 1 Rater 2		

Ekri reposns pou kesyon ki nan Pati A yo nan fèy reposns sa a.

Pati A

1	13	25
2	14	26
3	15	27
4	16	28
5	17	29
6	18	30
7	19	31
8	20	32
9	21	33
10	22	34
11	23	35
12	24	

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè ou fin fè egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen reposns yo ak kesyon yo alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Detache fèy la la a

Detache fèy la la a